

# Avi Pou Itilize & Divilge Enfòmasyon nan HMIS

*Chak moun ki gen 17 lane oswa plis ki rete lakay ou fèt pou resevwa Avi sa a, epi yo fèt pou siyen l.*

**AVI SA A DEKRI KIJAN YO KA UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON KI KONSÈNE W AK KIJAN OU KA AKSEDE A ENFÒMASYON SA A. TANPRI, REVWA ENFÒMASYON AN AVÈK ANPIL ATANSYON. SI W GEN NENPÒT KESYON OUBYEN SI W TA RENMEN GEN PLIS ENFÒMASYON KONSÈNAN FÒM SA A, TANPRI KONTAKTE MIAMI-DADE COUNTY HOMELESS TRUST NAN 305-375-1490.**

## Kisa ki Miami-Dade Continuum of Care Homeless Management Information System (Sistèm Enfòmasyon Jesyon Swen Sanzabri Kontinyèl Konte Miami Dade)?

Se Miami-Dade County Homeless Trust (oswa "Homeless Trust") ki administre Miami-Dade County Continuum of Care ("CoC") epi ajans lokal yo bay lojman ak sèvis ("founisè"). Lè w fè yon demann pou sèvis atravè "CoC," yo mete enfòmasyon w ak enfòmasyon sou manm fanmi w ki avè w nan yon sistèm òdinatè ki rele Homeless Management Information System (Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri - "HMIS"), epi se "Homeless Trust" ki jere li. "Homeless Trust" ak founisè lokal yo ki patisipe nan "CoC" a itilize enfòmasyon sa a pou yo òganize pi byen ak bay pi bon lojman ak pi bon sèvis pou endividi ak fanmi ki sanzabri, ki te konn sanzabri oubyen ki riske vin sanzabri nan Konte Miami-Dade. Founisè yo ak Homeless Trust la pataje ak itilize enfòmasyon sou ou ak sou manm fanmi w selon yon Akò Patisipasyon HMIS (pati ki nan Akò Patisipasyon HMIS yo nap rele dorenavan nan dokiman sila a "Founisè kap Patisipe nan HMIS").

## Pouki rezon yo kolekte enfòmasyon sou ou nan "HMIS"?

Objektif nou se pou n travay ansanm avèk ou pou n kaba pwoblèm sanzabri a. Enfòmasyon ou bay yo jwe yon wòl kritik ki pèmèt "CoC":

- Evalye ak adrese pi byen nesosite ou genyen pou lojman ak sèvis.
- Diminye tan w pase ap eseye jwenn lojman ak/oswa sèvis ou bezwen yo.
- Evite repwodi menm enfòmasyon ki konsène moun "CoC" desèvi yo.
- Suiv rezilta pwogram yo ak amelyore kalite lojman ak sèvis yo bay atravè "CoC" a.
- Pou ede nou bay priyorite, planifye, ak bay oumenm ak zòt ki nan kominote a ki te sanzabri oswa ki pat gen lojman estab, lojman ak/oswa sèvis ki apwopriye.
- Bay estatistik pou alwe resous ak atenn objektif fonksyonè lokal, leta ak federal etabli onivo règleman e pou sipòte rechèch kap fèt.
- Pou akonpli nenpòt ki objektif ki apwopriye selon "CoC" a.

## Kijan yo itilize oswa divilge enfòmasyon espesifik sou ou san otorizasyon w alekri?\*

Amwenske lalwa lokal, leta oswa federal entèdi sa, yo ka divilge enfòmasyon w yo antre nan "HMIS" pou objektif, aktivite ak/oswa bay moun nou dekri pi ba yo, san otorizasyon espesifik ou alekri:

- Pou bay oswa kowòdone sèvis pou endividi ak manm fanmi yo, si yo genyen;
- Pou fonksyon ki konsène peman oubyen ranbousman pou sèvis;
- Pou antreprann fonksyon administratif tankou fonksyon legal, verifikasyon, pèsònèl, kontwòl ak jesyon;
- Pou kreye rapò ki pap gen ladan yo okenn enfòmasyon idantifyab, tankou non w, nimewo sekirite sosyal ou, oubyen nenpòt karakteristik inik;
- Administratè sistèm "HMIS" la oubyen reprezantan l ak devlopè "HMIS" ansanm ak lòt endividi ki patisipe nan antretyen "HMIS" ki ka wè enfòmasyon an pou rezon administratif (pa egzanp pou verifiye erè nan done yo, pou ranje pwoblèm oubyen pou teste sistèm yo).
- Pou konfòme a obligasyon pou bay gouvènman an rapò "HMIS" e pou kontwòl sou konfòmite ak egzijans "HMIS."
- Pou antreprann rechèch akademik selon yon akò pou rechèch avèk "Homeless Trust". Enfòmasyon tankou non w, nimewo sekirite sosyal ou, oswa nenpòt karakteristik inik pap parèt nan okenn rapò rechèch yo.

- Konfòmeman ak règleman federal ki etabli estanda sou konfidansyalite ak sekirite "HMIS", jan yo ka amande yo, itilize e divilge: (a) pou evite yon menas grav sou sante oswa sou sekirite; (b) konsènan abi viktim, neglijan oswa vyolans domestik; (c) pou otorite ki responsab ranfòse lalwa; ak (d) jan lalwa egzije l.

**\*\*Nap itilize ak divilge enfòmasyon w nan lòt sikonstans sèlman si nou gen otorizasyon w alekri.**

### **Kijan yo ka itilize enfòmasyon w?**

Yo ka pataje enfòmasyon w ak Founisè kap Patisipe nan "HMIS" ki itilize "HMIS." Lè yo pataje enfòmasyon w, sa ka ede Founisè kap Patisipe nan "HMIS" yo resevwa enfòmasyon sou ou pi rapidman, evalye ak adrese bezwen ou genyen pou lojman ak sèvis, epi ede w jere ka a jan yo ka jistifye l.

### **Ki dwa ou genyen konsènan enfòmasyon w?**

Se dwa w pou enspekte ak resevwa yon kopi pwòp enfòmasyon pèsònèl pa w (oswa sou pitit ou ki minè e ki sou kont ou) ke nou kenbe sou ou nan "HMIS," sòf pou rezon sila yo: (a) enfòmasyon yo konpile poutèt yap antisipe litij oubyen poutèt jande pwosedi sa yo; (b) enfòmasyon sou yon lòt endividi; (c) yo te jwenn enfòmasyon an sou pwomès konfidansyalite; oswa (d) si divilge enfòmasyon sa a, ka mete vi oswa pwoteksyon fizik nenpòt endividi andanje.

Se dwa w pou mande pou yo ba w yon lis Founisè ki Patisipe nan "HMIS" ki resevwa enfòmasyon "HMIS" genyen sou ou.

Epitou se dwa w pou mande pou yo korije enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Si nou dakò, nap efase enfòmasyon an oswa nou ka make enfòmasyon an pa kòrèk oswa pa konplè, epi nou ka ajoute enfòmasyon siplemantè a. Si nou refize demann nan, nap esplike rezon ki fè nou refize l la. Epitou nan enfòmasyon nou mentni a, nap dokimante demann lan ak rezon ki fè nou refize l la. Nou ka refize demann wap pede fè tout tan san rete oubyen kap agase nou pou aksede oswa korije enfòmasyon ki nan "HMIS."

Ou ka egzèse dwa w genyen yo jan nou dekri l pi wo a, annik voye yon demann alekri bay "Homeless Trust" nan adrès pi ba a.

Si w panse yo vyole dwa konfidansyalite w, ou ka soumèt yon plent alekri nan adrès ki pi ba a. Yo pap pran okenn reprezay kont ou poutèt ou pote yon plent.

Miami-Dade County Homeless Trust  
Stephen P. Clark Center  
111 NW 1<sup>st</sup> Street  
Suite 27-310  
Miami, Florida 33128-1902

Founisè ki Patisipe nan Pwogram "HMIS" ak "Homeless Trust" gen obligasyon devan lalwa pou mentni konfidansyalite enfòmasyon w ki pwoteje e pou yo ba w Avi sa a. Anplis, Founisè ki Patisipe nan "HMIS" ak "Homeless Trust" la gen obligasyon pou konfòme yo a kondisyon Avi a ki an vigè aktyèlman, sepandan li posib ke yo chanje kondisyon Avi a detanzantan. Yap toujou afiche Avi yo revize a nan biwo Founisè ki Patisipe nan "HMIS" yo e nenpòt moun ka jwenn yon kopi si yo kontakte "Homeless Trust" alekri pou mande kopi nouvo "Avi HMIS" la.

**Tanpri sonje ke Avi sa a konsène sèlman enfòmasyon yo mete nan "HMIS" e Founisè ki Patisipe nan "HMIS" pa ka ba w okenn konsèy legal espesifik konsènan dwa w yo.**

Avi sa a efektif apatide dat yo siyen l lan, e lap ekspire otomatikman nan sèt (7) lane.

**Lè m siyen la a, mwen rekonèt ke mwen resevwa yon kopi an papye sou Avi pou itilize ak Divilge enfòmasyon nan "HMIS."**

\_\_\_\_\_  
SIYATI KLIYAN AN OSWA RESPONSAB LEGAL LA

\_\_\_\_\_  
DAT

\_\_\_\_\_  
SIYATI TEMWEN FOUNISÈ A

\_\_\_\_\_  
DAT

## Konsantman HMIS pou Divilge ak Echanje Enfòmasyon

*Chak moun ki gen 17 lane oswa plis ki rete lakay ou fèt pou resevwa Avi a, epi yo fèt pou siyen l.*

**ENPÒTAN:** Piga antre okenn enfòmasyon nan "HMIS" ki ka idantifye pèsonèlman kliyan ki: 1) nan ajans Vyolans Domestik oswa; 2) aktyèlman nan mawon oswa andanje poutèt vyolans domestik, oswa ki sibi vyolans pandan yo te soti ak yon moun, ki sibi atak seksyèl oubyen ki nan sitiyoasyon kote yap veye ak suiv yo. Si ou nan youn nan sitiyoasyon sa yo, KANPE - Piga siyen fòm sa a.

Atravè dokiman sila a, mwen dakò pou yo divilge ak echanje enfòmasyon ki konsène m e ki konsène timoun minè ki sou kont mwen legalman dapre kondisyon ki pi ba yo:

- Mwen te mande pou yo ban m lojman ak/oswa sèvis atravè Miami-Dade County Continuum of Care (CoC), e sèvis sa yo se ajans lojman ak/oswa ajans sèvis ("founisè") ki bay yo. Se Miami-Dade County Homeless Trust (oswa "Homeless Trust") ki kowòdone "CoC" a. Pou yo ka pi byen desèvi bezwen mwen genyen pou lojman ak sèvis, founisè yo ak "Homeless Trust" la bezwen echanje, pataje, ak/oswa divilge done, enfòmasyon oswa dosye yo konpile sou mwen ak sou manm fanmi m ki avè m. Lè m fè demann pou sèvis atravè "CoC" a, yo mete enfòmasyon sou mwen ak enfòmasyon sou manm fanmi mwen nan yon sistèm òdinatè ki rele Homeless Management Information System (Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri - "HMIS"), epi se "Homeless Trust" ki jere li. Founisè yo ak "Homeless Trust" la pataje ak itilize enfòmasyon yo antre nan HMIS selon yon Akò Patisipasyon HMIS - (pati ki nan Akò Patisipasyon HMIS yo nap rele dorenavan nan dokiman sila a "Founisè ki Patisipe nan HMIS").
- Yo konsidere enfòmasyon ki nan HMIS e ki nan dosye ka w la ak nenpòt Founisè ki Patisipe nan "HMIS" kòm enfòmasyon ki konfidansyèl ak privejye, e yo pa ka ni echanje l, ni pataje l e ni divilge san konsantman enfòmè e fòmèl ke w bay alekri, esepite nan sikonstans ki etabli nan Avi pou itilize ak Divilge Enfòmasyon CoC HMIS oswa lè lalwa otorize sa.

Mwen byen konprann ke:

- Fòm sa a patikilyèman otorize yo itilize enfòmasyon yo gen sou mwen nan rechèch yap fè ki kote yo itilize enfòmasyon "HMIS" kenbe. Yo pap idantifye m pèsonèlman pa non m, ni pa nimewo sekirite sosyal mwen, ni pa okenn lòt karakteristik inik nan rapò rechèch yo pibliye yo. Pami tip rechèch yo pral fè lè yap itilize enfòmasyon an, ap gen rapò sou kantite ak karakteristik moun ki itilize diferan tip lojman ak sèvis, efikasite lojman ak sèvis yo, ak chanjman nan abidid ki fèt avèk letan.
- "HMIS" pèmèt yo pataje enfòmasyon ki konsène mwen, ansanm avèk foto mwen, avèk Founisè ki Patisipe nan HMIS la. Jande enfòmasyon yo ka pataje se enfòmasyon demografik, ikonpri dat nesans, adrès ak nimewo telefòn, Nimewo Sekirite Sosyal, sèks, ras ak gwoup etnik, edikasyon ak enfòmasyon sou travay, sou revni ak istorik sou benefis, istorik sou lojman, dosye legal ou, dosye sou twomatis ou te genyen, pwoblèm medikal ki andikape w, istorik sou dyagnostik ak tretman ou resevwa pou sante mantal ak/oswa pou abi sibstans chimik, ak rezilta tès VIH/SIDA, men se pa sa sèlman, ka gen plis enfòmasyon toujou. Rezon ki fè yo pataje enfòmasyon an fason sa a, se pou ede Founisè ki Patisipe nan "HMIS(yo)" jwenn enfòmasyon ki konsène m pi rapidman, evalye ak adrese bezwen mwen genyen pou lojman ak sèvis epi ede m jere ka a jan yo ka jistifye l.
- Founisè ki Patisipe nan "HMIS" ap kapab wè enfòmasyon yo mete nan "HMIS." Kou mwen mande wè enfòmasyon an, Founisè ki Patisipe nan Pwogram "HMIS" kap ban m sèvis aktyèlman an, fèt pou l montre m yon lis ki gen tout Founisè ki Patisipe nan Pwogram "HMIS" lè mwen siyen fòm konsantman/otorizasyon sa a.

- Yon founisè lojman ak/oswa sèvis ki vin yon Founisè ki Patisipe nan "HMIS" apre m fin siyen Konsantman pou Divilge Enfòmasyon an, pral gen aksè tou a enfòmasyon pèsonèl ke m otorize pou yo pataje a. Nenpòt Founisè ki Patisipe nan "HMIS" kap banm sèvis aktyèlman, ki enkli "Homeless Trust," dwe fè aranjman rezonab pou pèmèt mwen wè dènye lis Founisè ki Patisipe nan "HMIS la."
- Mwen byen konprann se dwa mwen pou m enspekte, kopye, ak reklame tout dosye "HMIS" kenbe konsènan dispozisyon lojman ak/oswa sèvis Founisè ki Patisipe nan "HMIS," te ban m epitou se dwa mwen pou m resevwa yon kopi fòm sa a. Mwen byen konprann règleman federal, leta ak lokal ki reji konfidansyalite dosye kliyan yo, pwoteje dosye m e yo pa ka divilge yo san otorizasyon m alekri, amwenske lalwa otorize sa.
- Mwen byen konprann ke konsantman m lan pral ekspire otomatikman apre sèt (7) lane apatide dat ki sou fòm sa a.
- Mwen byen konprann tou ke pou mwen retire konsantman m nenpòt ki lè, se pou mwen enfòme "Homeless Trust" alekri.

Anplis, mwen byen konprann kèlkeswa Founisè ki Patisipe nan HMIS kap resevwa enfòmasyon poutèt otorizasyon sa a, founisè sa a fèt pou l konfòme l a deklarasyon suivan an:

"Enfòmasyon sa a ke yo divilge ba ou, li soti nan dosye konfidansyèl lalwa leta pwoteje. Lalwa leta entèdi w divilge enfòmasyon sa a san w pagen otorizasyon espesifik alekri moun enfòmasyon an konsène a, oubyen jan lalwa leta pèmèt li. Yon otorizasyon jeneral pou divilge enfòmasyon medikal oubyen lòt enfòmasyon PA sifizan pou rezon sa a."

**Lè m siyen la a, sa vle mwen te li oswa yo te li dokiman sa a pou mwen oswa yo te esplike m li, e mwen byen konprann e mwen dakò ak kondisyon ki gen nan dokiman sa a.**

\_\_\_\_\_  
EKRI NON KLIYAN AN AK LÈT MAJISKIL

\_\_\_\_\_  
NIMEWO IDANTIFIKASYON HMIS KLIYAN AN

\_\_\_\_\_  
SIYATI KLIYAN AN OSWA RESPONSAB LEGAL LA

\_\_\_\_\_  
DAT

\_\_\_\_\_  
SIYATI TEMWEN FOUNISÈ A

\_\_\_\_\_  
DAT

TCHEKE LA A EPI EKRI NON W AVÈK LÈT MAJISKIL SI W SE RESPONSAB LEGAL LA